# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 मई 2025 भोजपुरी समाचार

केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह कहले हवें कि ऑपरेसन सिंदूर पहलगाम हमला क जबाब हौ अउर आजु दुनिया भारतीय ससस्त्र बलन के वीरता क प्रसंसा कइ रहल हवे। सरकार क मजबूत राजनीतिक इच्छा सक्ति अउर खुफिया एजेंसियन क अचूक सूचना आ ससस्त्र बलन के ओरि से कार्रवाई के नाते ई सम्भव भइल हौ। नई दिल्ली में सीमा सुरक्षा बल के अलंकरण समारोह के सम्बोधित करत उहां के ई बाति कहलीं।

***ऑपरेशन सिंदूर अपनी भूमि पर हुए टेरर हमलों के जवाब के इतिहास में सबसे सटीक और सभी उद्देश्यों को पूर्ति करने वाला ऑपरेशन था और इस सटीक ऑपरेशन का न केवल भारत पूरी दुनिया के एक्सपर्ट्स पूरी–पूरी प्रशंसा कर रहे हैं। सेना के संयम की भी प्रशंसा हो रही है कि हमने केवल आतंकी अड्डों और उनके एयरबेस को ही टारगेट किया।***

गृह मंत्री पाकिस्तान अउर बांग्लादेस के साथे भारत क सीमा के रक्षा में बीएसएफ के भूमिको क सराहना कइलें।

**********

ऑपरेशन सिंदूर के सफलता से उत्साहित सज्जो राष्ट्र भारतीय जवानन के सौर्य अउर साहस के नमन कइ रहल हौ। ससस्त्र बलन के प्रति सम्मान अउर कृतज्ञता के भावना से आकाशवाणी समाचार एगो बिसेस श्रृंखला प्रसारित कइ रहल हवे। येही कड़ी में आजु हमनी के परमवीर चक्र विजेता फ्लाइंग ऑफिसर निर्मल जीत सिंह सेखो के इयादि कइ रहल हईं। एगो रिपोर्ट–

***पंजाब की लुधियाना जिले में जन्मे फ्लाइंग ऑफिसर निर्मलजीत सिंह सिक्खों को जून 1967 में भारतीय वायुसेना में नियुक्ति मिली। वे घाटी की हवाई रक्षा के लिए श्रीनगर स्थित नेट टुकड़ी में पायलट थे। 14 दिसंबर 1971 को श्रीनगर एयर फील्ड पर 6 पाकिस्तान से सेवरजेट विमानों के एक समूह ने हमला किया। दुश्मन की विमान के ऊपर से उड़ान भरने की कोशिश करना जानलेवा खतरे को आमंत्रित करना था लेकिन, फ्लाइंग ऑफिसर सिक्खो ने अपनी सुरक्षा की परवाह किए बिना, अपने नेट को उड़ाकर दो हमलावरों को उलझा दिया। उनके विमान पर आक्रमण में वे शहीद हो गए। फ्लाइंग ऑफिसर निर्मलजीत सिक्खो को सर्वोच्च वीरता, उड़ान कौशल और बलिदान के लिए मरणोपरांत परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया। राष्ट्र उन्हें नमन करता है। अनुपम मिश्रा, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

ऑपरेशन सिंदूर के सफलता अउर देस के वीर जवानन के सम्मान में चलावल जा रहल भारत सौर्य तिरंगा यात्रा अभियान क क्रम प्रदेस भर में चलि रहल हौ। अजुओ प्रदेस के कई जिलन में पूरा जोस के साथे तिरंगा जतरा निकारल गइल, जेहमें लोगि बढ़िचढ़ि के हिस्सा लिहलें। भारत माता क जयकारा अउर वन्देमातरम के नारा के साथे अमरोहा जिला में तिरंगा जतरा निकारि के भारतीय सेना के जवानन के प्रति कृतज्ञता जतावल गइल। बदायूं जिलो में आजु तिरंगा जतरा क आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या धाम में श्री हनुमत कथा मंडप क लोकारपण कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि डबल इंजन क सरकार डबल तेजी से चलि के अजोध्या धाम के ओकर गौरव प्रदान कइले क काम कइले हौ। मुख्यमंत्री श्रीराम मंदिर निरमाण के संकल्प के पूरा करे बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के कोसिस क चरचा कइलें। उहां के मंदिर निरमाण आन्दोलन क प्रमुख ब्रह्म्लीन संतन अउर दिवंगत नेता लोगिन क जिकिरि करत कहलीं कि उनकर पवित्र आत्मा कतहूं होई त, श्री अजोध्या धाम के वैभव के देखि के निस्चिते उन्हें संतुस्टि क अनुभवन हो रहल होई।

**********

प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार बदे एकतीस जुलाई दुइ हजार पचीस से पहिले अवार्ड्स डॉट जीओवी डॉट इन पोर्टल पर आवेदन कइल जा सके ला। ई जनकारी कुशीनगर क जिला प्रोबेशन अधिकारी विनय कुमार दिहले हवें। उहां के बतवलीं कि ई पुरस्कार असाधारण बहादुरी के साथे कइल गइल निस्वार्थ कार, असाधारण क्षमता अउर उत्कृष्ट उपलब्धी वाले अठारह बरिस से कम उमिरि के लइकन के दीहल जाला।

**********

लखनऊ के इकाना स्टेडियम में आईपीएल–दुइ हजार पचीस के लीग मोकाबिला में आजु रायल चैलेंजर्स बैंगलुरू अउर सनराइजर्स हैदराबाद कै टीमि के बिच्चे मैच खेलल जाई। ई मैच संझा साढ़े सात बजे से सुरू होई। पहिले ई मैच क आयोजन आयोजन बैंगलुरू में होखे के रहल बाकिर ओइजा मौसम खराब भइले के नाते एके लखनऊ के स्टेडियम में करवले क फैसिला लिहल गइल हौ।

**********

बीतल तीनि दिन में गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में भइल हल्लुकाहे बरखा से तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ। एकरे नाते लोगिन के गरमी से राहति मिलल हौ। अजुओ पूरबी उत्तर प्रदेस के जियादेतर जिलन में आसमान में बादर छवले हौ अउर हल्लुक से ले के मध्यम बेयारि चलि रहलि बा। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति अबहिनों बनल बाटे, एकरे नाते अगिला दुइ से तीनि दिन में कुछु जिलन के कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के गरज–चमकि के बिच्चे बरखा क पूर्वानुमान हौ।

**********